


Influenza A (H5N1)



**Ekran pwoteksyon
pou vizaj oswa linèt**

Kachnen

Li pi bon pou itilize respiratè N95 oswa youn ki siperyè, men kachnen se yon altènativ ki akseptab.



KIJAN:

Pwoteje vizaj ou ak linèt oswa yon ekran pwoteksyon pou vizaj ak yon kachnen.

Lave men souvan, evite manyen figi, kite bòt ak rad travay yo nan travay la, epi pran douch apre travay.



KILÈ:

Trete, tranpe oswa lòt kontak sere ak bèf oswa ak lèt kri.



Swiv konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi epi Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay lè sa posib. Eskane pou jwenn plis enfòmasyon sou ekipman pwoteksyon pèsònèl ak sekirite travayè yo.



Lave men ak dlo ak savon, apresa mete ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE) nan lòd sa a:

Kachnen.



Ekran pwoteksyon pou vizaj oswa linèt.



Gan.



Pandan w ap mete PPE:

- Evite manyen je ou, bouch ou ak nen ou.
- Pa manje oswa bwè nan sal kote y ap tire lèt la.

Swiv etap sa yo pou retire PPE san danje:

- 1 Retire gan yo.
- 2 Lave men w.
- 3 Retire linèt oswa ekran pwoteksyon pou vizaj epi retire kachnen oswa respiratè N95.
- 4 Lave men w ankò.

Apre ou fin retire PPE:

- Pran douch nan fen lè travay la.
- Kite tout rad ak ekipman ki kontamine yo nan travay la.
- Si ou dwe pote rad sal yo lakay ou, mete yo nan yon sache plastik epi lave yo separe ak lòt lesiv.

PPE ki kapab itilize ankò

Netwaye epi dezenfekte PPE ki kapab itilize ankò apre chak itilizasyon.

Eskane pou aprann kijan pou mete ak retire yon respiratè.



Eskane pou jwenn plis enfòmasyon sou PPE ak sekirite travayè yo.

